



**Deklarasyon Misyon Angajman Paran ak Fanmi (si ou vle)**

Nan Lekòl Segondè Trezò, objektif Pwogram Patisipasyon Fanmi an se pon diferans ki genyen ant paran, lekòl, ak kominote ak amelyore relasyon ant kay ak lekòl, ki pèmèt fanmi yo vin aktif nan edikasyon pitit yo sou yon baz kontinyèl.

**Patisipasyon Paran /Fanmi**

**Dekri kijan lekòl la enplike paran / fanmi yo nan yon fason òganize, kontinyèl ak alè, nan planifikasyon revizyon ak amelyorasyon pwogram Tit 1 ki gen ladan patisipasyon nan pran desizyon sou kijan li pral itilize [ESEA Seksyon 1116].**

Treasure Coast High School fe reyinyon Konsèy Lekòl chak mwa nan twazyèm Madi a nan 5pm. Reyinyon sa a gen ladan paran, manm kominote a, manm fakilte yo, ak elèv yo. Nou bay dènye nouvèl konsènan Plan Amelyorasyon Lekòl la, inisyativ ekip lidèchip, inisyativ Konsèy, Paran ak Evènman Familyal, epi demand pou itilization fon Tit 1 pou angajman ak akonplisman elèv yo. Ekip komite SAC la apwouve itilizasyon lajan Tit 1 a. Reyinyon yo retounen anpèsòn ankò aprè pandemi Covid-19 la. Gen yon paj komite SAC sou sit entènèt lekòl nou an pou paran yo ka antre lè yo enterese. Genyen tou yon pòs nan tèt paj Facebook nou an pou ankouraje patisipasyon paran.

## Kowòdinasyon ak Entegrasyon ak Lòt Pwogram Federal

Dekri kijan lekòl la pral kowòdone epi entegre pwogram paran ak aktivite angajman fanmi an avèk lòt pwogram. Eksplike kijan aktivite sa yo ap anseye paran yo kijan pou ede pitit yo lakay yo [ESEA Seksyon 1116)

Pwogram	Kowòdinasyon
Tit III - ESOL	Sipò pou popilasyon ESOL nou an atravè tradiksyon pou paran yo, ESOL parapwofesyonèl pou ede avèk reyinyon paran yo, ak siveyans pou ogmante siksè nan patisipasyon paran yo. Yon evènman paran ESOL nan sezon prentan an pou ogmante patisipasyon.
Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl	Sipò pou popilasyon ESE nou an – Reskonsab dosye yo ap kominike dènye nouvel sou pwogrè elèv yo, kominike avèk paran yo pou ranfose pi bon pratik epi ogmante akonplisman elèv yo.
Tit 1 Konseye Gradyasyon	Wòl yo se pou sipòte elèv At-Risk yo, gen kominikasyon konsistan avèk paran yo sou pwogrè elèv la nan direksyon pou Gradyasyon, bay sipò adisyonèl pou reyalize siksè.

## Reyinyon Paran Anyèl

Bay yon deskripsyon tou kout sou bagay sa yo:

- Etap espesifik lekòl ou an ap pran pou fè Reyinyon Anyèl Tit 1 pou enfòmasyon paran ak fanmi elev yo kap patisipe nan pwogram Tit 1 lekòl la.
- Nati pwogram Tit 1 ki pataje avèk paran yo (Ak tout lekòl la oswa asistans sib).
- Kouman lekòl la, nan reyinyon anyèl la, pral enfòmasyon paran sou pèfòmasyon lekòl yo ak dwa paran yo.

Treasure Coast High School ap òganize Tit 1 Sware Paran nou an mèkredi 1 novanm 2023 nan 5pm nan Kafè Titan nou an. Enfòmasyon sware an pral pibliye nan yon feye nan lang angle, kreyòl, pòtigè ak panyòl. Sa yo pral sou sit entènèt lekòl nou an, paj Facebook lekòl la, epi atravè mesaj Skyward bay paran yo. Pandan evènman sa a, yo pral diskite sou program Tit 1 epi kontni PowerPoint la pral pataje pou siyati. PowerPoint nou an pral gin enfòmasyon sou done aktyel lekòl la pou ane 2021-2022. Chak mwa, nou pale sou sa tou nan reyinyon SAC nou yo.

## Reyinyon Paran Fleksib

Dekri kijan lekòl la pral:

- Ofri yon kantite reyinyon fleksib, tankou reyinyon nan maten oswa aswè.
- Itilize lajan Tit 1 pou ofri transpò, gadri oswa vizit lakay, ak lot sèvis ki gen rapò ak paran ak angajman fanmi [ESEA Seksyon 1116].
  - Rankont pou enfòmè elèv 9yèm-12yèm nan mwa dout nan aswè
  - Chak mwa SAC reyinyon nan 5pm.
  - Ofri reyinyon Kwen Konseye de fwa nan maten ak aswè.
  - Konferans pwofesè/paran ki disponib nan maten oswa nan aprè midi.
  - Reyinyon paran pou chak klas yo nan aswè.
  - Vizit travayè sosyal si sa nesèsè, pou bay sipò.
  - Oryantasyon pou elev 9yèm ane ak paran yo pandan ete a nan maten.
  - Rankont pou enfòmè elèv 9yèm ane ki enterese nan aswè (Prentan).
  - Evènman Paran ESOL (Prentan).
  - Sware preparasyon pou FAFSA (Otòn).

## Bati Kapasite

Dekri kijan lekòl la pral:

- Aplike aktivite ki pral bati kapasite pou angajman paran / fanmi.
- Aplike aktivite ki bati relasyon ak kominote a pou amelyore akonplisman elèv yo.
- Bay materyèl ak fòmasyon pou ede paran / fanmi yo travay avèk pitit yo / timoun yo.
- Bay lòt sipò rezonab pou aktivite angajman paran /fanmi [ESEA Seksyon 1116].

Aktivite	Materyèl yo bay	Moun ki responsab	Delè	Prèy ki montre efikasite
Sware enfòmasyon pou elev ki nan dènye ane	Kondisyon pou gradyasyon Èd finansye Aplikasyon pou kolèj Enfòmasyon pou elev At-Risk	AP- Regina Roberts	Septanm Oktòb	Ogmantasyon patisipasyon paran 98.8% Pousantaj gradyasyon

Evènman Paran ESOL	Gid sou Resous ELL/ Enformasyon sou gradyasyon	AP- Jean Emerson ak/ ekip ESOL	Avril	Ogmantasyon patisipasyon paran Ogmantasyon nan gradyasyon / Progrè pou popilasyon ESOL nou an
Rankont pou elev 9yèm ane	Enfòmasyon sou lekòl la Visit lekòl la	AP Jason Monroe	Mas	Ogmantasyon patisipasyon paran Siksè tranzisyon nan lekòl segondè pou elev ki fèk ap rantre
Anbasadè Titan	Etidyan lidè ke yo idantifye nan kanpis la travay avèk elèv ki fèk ap rantre ak paran yo pou ede yo akclimate.	Ekip konsèy	Chak jou	Siksè Tranzisyon nan Treasure Coast High School Ede elev yo pi byen reprezante tet yo
Konseye Corner	Kondisyon pou gradyasyon Enfòmasyon sou Enskripsyon Doub/AICE/AP Pwogram CTE yo Sante mantal/ SEL Aplikasyon Pou Sèvis Kominotè/ Kolèj	Ekip konsèy	chak trimès	Tranzisyon siksè nan Treasure Coast High School Ede elev yo pi byen reprezante tet yo Ogmantasyon patisipasyon paran 98.8% Pousantaj gradyasyon

<b>Sware FAFSA</b>	<b>Ede paran yo konplete aplikasyon FAFSA a</b>	<b>Ekip konsèy</b>	<b>Otòn</b>	<b>Ogmantasyon patisipasyon paran Ogmantasyon nan akseptasyon nan kolèj/opòtinite finansye</b>
--------------------	---	--------------------	-------------	--

## Devlopman Anplwaye

Dekri aktivite devlopman pwofesyonèl lekòl la ap bay pou edike pwofesè yo, pèsònèl sipò ansèyman espesyalize, direktè lekòl, ak lòt dirijan lekòl yo, ansanm ak lòt anplwaye avèk asistans paran/ fanmi yo nan:

- Valè kontribisyon yo;
- Kijan pou yo jwen ed, kominike avèk yo, ak travay avèk paran yo ak fanmi yo kòm patnè egal;
- Kijan pou aplike epi kowòdone pwogram paran/fanmi yo epi bati lyen ant paran/fanmi yo ak lekòl la [ESEA Seksyon 1116].

Aktivite	Moun Responsab	Zòn konsantrasyon	Delè	Prèy ki montre efikasite
NEST	AP - Jean Emerson	Resous ak opòtinite ki disponib yo Fòmasyon pou ogmante siksè elèv la ak patisipasyon paran	Chak mwa	Ogmantasyon kominikasyon avèk elèv ak paran yo. Sipò pou nouvo pwofesè nou yo. Pi bon itilizasyon resous teknoloji yo.
Jou Devlopman Profesyonèl	Tout Administratè	Amelyorasyon lekòl, Kominikasyon ak Paran, Akonplisman Elèv	Avan Lekòl epi chak mwa	Evalyasyon chak done, ogmante patisipasyon paran yo atravè Imèl / PTCs/apèl telefòn.

## Lòt Aktivite

Dekri lòt aktivite, (tankou resous paran) lekòl la ap fèt pou ankouraje ak sipòte paran/ fanmi yo nan plis angajman siyifikatif nan edikasyon pitit yo /timoun yo [ESEA Seksyon 1116].

- Konferans pwofesè/ paran lè sa nesèsè
- Ekip ki pou rezoud Pwoblèm chak semen, ki baze sou prezans ak not elèv yo
- Rapò D/F chak semen, pou toujou avize paran yo sou pwogrè elèv yo

## Kominikasyon

Dekri kijan lekòl la pral bay paran timoun k ap patisipe yo:

- **Enfòmasyon alè sou pwogram Tit 1 ak aktivite yo;**
- **Deskripsyon ak eksplikasyon kourikoulòm nan lekòl la, fòm evalyasyon akademik yo itilize pou mezire pwogrè elèv yo, epi nivo konpetans elèv yo dwe satisfè;**
- **Si paran yo mande, opòtinite pou reyinyon regilye pou fòmile sijesyon ak patisipasyon, jan sa apwopriye, nan desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit yo /timoun yo [ESEA Seksyon 1116].**
- Reyinyon Komite SaC chak mwa pou revize done yo nan direksyon Plan Amelyorasyon Lekòl la, pwogrè aktyèl pou objektif lekòl, demann pou fon Tit 1, elatriye.
- Sware enfòmasyon Tit1 pou Paran chak ane.
- Sit entènèt ki gen ladan gid kourikoulòm ak eksplikasyon sou pwogram ki disponib.
- Konseye chak trimès ki revize kourikoulòm
- Konferans Pwofesè/ Paran ,lè paran yo mande
- Reyinyon ekip chak semèn pou rezoud epi adrese prezans, disiplin ak nòt.

## Aksè

Treasure Coast High School pataje enfòmasyon atravè plizyè platfòm - Facebook, Skyward Messenger, ak sistèm Skylert . Nou bay enfòmasyon ki nan lang angle, panyòl, pòtigè, ak kreyòl.  
Nou itilize nouvo sistèm distri a – Language Solutions ki bay sèvis tradiksyon pou fanmi nou yo.

## Aktivite Diskresyon (Si ou vle)

**Dekri nenpòt aktivite ki pa obligatwa, men yo pral peye atravè I, Pati A finansman (pa egzans, vizit nan kay, transpò pou reyinyon, aktivite ki gen rapò ak paran / angajman fanmi, elatriye)**

## Baryè yo

### Bay yon deskripsyon nan:

- Baryè ki te anpeche patisipasyon paran yo pandan ane lekòl anvan an
- Etap lekòl la ap pran pandan ane lekòl k ap vini an pou simonte baryè yo (avèk atansyon patikilye pou paran/ fanmi ki andikape, gen konpetans limite nan lang angle, ak paran/ fanmi timoun migratwa ) [ESEA Seksyon 1116].

### Baryè (Ki gen ladan sougwoup espesifik la)

- Kominikasyon (Tout)
- Lòt Lang ki pa ESOL
- Transpò / Andikap

### Etap Lekòl la ap Pran pou simonte Baryè

- Itilizasyon plizyè platfòm pou ogmante kominikasyon (Facebook, TEAMS, sit entènèt, mesajè lekòl, Skyward mesajè, marque, Remind, elatriye)
- Kominikasyon nan plizyè lang, anplwaye ki disponib pou tradiksyon yo
- Itilize teknoloji pou ogmante patisipasyon paran - fè reyinyon nan TEAMS